

Kòd Konduit pou Pasyan ak Vizitè yo

Reliant Medical Group pran angajman pou l kreye yon espas ki ofri sekirite, kote tout moun respekte youn lòt epi ki enklizif pou bay e pou resevwa swen. Tout pasyan ak vizitè yo dwe respekte **Kòd Konduit** sa a:



1. **Se pou ou montre Respè:** Trete tout moun avèk jantiyès epi pran an konsiderasyon diyite yo, kèlkeswa ras yo, sèks yo, relijyon yo, kote yo soti oswa wòl yo.



2. **Kominike yon fason ki Apwopriye:** Pa rele, pa di betiz, pa tizonnen ni pa menase pèsòn.



3. **Respekte Konfidansyalite:** Kenbe konfidansyalite pasyan ak anplwaye yo toutan. Pa dwe gen okenn anrejistremant odyo oswa videyo ki fèt san konsantman.



4. **Pwoteje Sekirite Espas Nou an:** Nou pa otorize zam, dwòg, alkòl ak bèt kay ki pa bèt sèvis.



5. **Respekte Règ yo:** Pa dwe gen Fwod, Vòl oswa Kraze Pwopriyete. Pa dwe gen vòl, zak kraze brize, grafiti oswa mal sèvi ak ekipman.



6. **Ankouraje yon Anviwònman ki Favorize Gerizon:** Pa fè twòp bri, mete aparèy yo sou mòd silans epi evite mete pafen ki twò fò.



7. **Patnè nan Swen Sante:** Kolabore ak ekip ou a ak tout senserite, nan yon angajman mityèl pou lasante. Rive alè nan randevou w yo epi, si w bezwen anile yon randevou, fè nou konn sa.

Si w pa respekte kòd sa a, nou gendwa mande w soti oswa nou gendwa limite aksè w nan swen. Si w temwen oswa si w viktim nenpòt nan konpòtman negatif sa yo, tanpri fè yon manm pèsònèl nou an konn sa tousuit oswa kontakte depatman relasyon ak pasyan nou an nan **(800) 993-8399**. Mèsi dèske ou ede nou kreye yon kilti kote gen sekirite, konpasyon ak respè.